



RETE ENFÒME. PREPARE W.

ZOUTI POU PLANIFIKASYON IJANS

Ou menm ak fanmi w kapab prepare pou sitiyasyon ijans yo.
Vizite mass.gov/BePrepared





Ijans yo kapab parèt nenpòt kilè

Lè w planifye alavans ak lè w prepare li kapab bay yon pi bon rezulta pou ou ak fanmi w.

Ou kapab itilize zouti sa a pou kont ou oswa avèk manm fanmi w yo oswa moun k ap bay swen. Li kapab ede w reflechi sou fason pou sipòte aktivite chak jou ou yo pandan ak aprè yon ijans. Depi ou fin reflechi sou bezwen ou yo, nou rekòmande pou ou:

- Fè yon plan ijans pou fanmi oswa endividyèl
- Kreye yon twous preparasyon pou ijans
- Devlope yon lis kontak

Vizite sit entènèt nou an pou konn kijan pou prepare yon twous ijans ak fè yon plan ijans pou fanmi oswa pou tèt ou:
mass.gov/BePrepared



Kominikasyon

Ekri enfòmasyon sou sa w gen bezwen sou kesyon langaj ak kominikasyon. Li ka gen ladan l bagay tankou yon blòk papye ak yon plim, aparèy pou ede w tande, yon loup pòtatif, yon tablo oswa yon liv kominikasyon, oswa lòt zouti ki pou asiste w. Panse ak diferan fason pou resevwa notifikasyon ijans yo, tankou yon televizyon, entènèt, aplikasyon mobil, elatriye.



Show Me for Emergencies se yon aplikasyon mobil gratis ki kapab ede moun ki gen difikilte pou kominike pandan ijans yo. Pwente esmatfòn ou a sou kòd sa a pou jwenn plis enfòmasyon.



mass.gov/BePrepared



Bezwen Medikal ak kenbe sante w

Ekri enfòmasyon sou medikaman w yo (li gen ladan l dòz, lè ou pran l nan jounen an, epi poukisa li bon.) Ajoute ladan l enfòmasyon konsènan founiti ou bezwen ki gen rapò ak nenpòt tretman w ap fè aktyèlman.

Pa egzanp, ki medikaman oswa sèvis medikal ki fèt souvan ou itilize?

Èske ou gen alèji oswa lòt pwoblèm sante?

Si w bezwen oksijèn, èske w gen yon boutèy an rezèv oswa ou gen yon mwayen pou kontakte founisè a pou yon ijans? Si w gen pou evakye nan kay ou a, kisa w ap bezwen pou aktivite chak jou yo?



Endepandans

Ekri enfòmasyon sou ekipman asistans, pwotèz, ak lòt ekipman medikal ou itilize pou fonksyone poukout ou. Èske w gen founiti pou twa (3) jou? Ki kote ou kapab jwenn founiti anplis? Pa egzanp, èske ou gen pil anplis pou aparèy pòtab ou yo, yon chèzwoulan ki pouse ak men nan ka kote chèz ki fonksyone ak kouran an gen yon domaj, oswa linèt anplis? Èske ou bezwen tib alimantasyon anplis, daypè, lèt matènize, bandaj, elatriye? Site nenpòt founiti:

ATIK

NIMEWO TELEFÒN/FOUNISÈ

Si w gen yon bêt k ap asiste, asire w ou ajoute founiti li yo nan twous preparasyon ijans!



Sèvis / Sipò

Ekri enfòmasyon sou rezo sipò ou a. Ajoute tout moun ki dwe sou lis kontak ou a pou asiste w pandan yon ijans. Pa egzanp: Fanmi ak zanmi pwòch, Asistan pou Swen Pèsonèl (Personal Care Attendant, PCA). Pa blyie ajoute nenpòt sipò sikolojik oswa emosyonèl ou bezwen. Èske ou bezwen èd pou jere panik oswa reyaksyon PTSD, oswa èd pou konplete yon pwoesisis ki fèt an plizyè etap?

NON

RELASYON

NIMEWO TELEFÒN

Planifye avèk rezo sipò ou a anvan yon katastwòf konsa yo konnen w ap bezwen asistans yo. Èske yo konnen ki kote twous ijans ou an ye? Èske yo kapab fè nenpòt ekipman asistans ou genyen fonksyone? Si w gen yon plan pou ijans sikolojik tankou yon Plan Aksyon pou Retablisman Byennèt (Wellness Recovery Action Plan, WRAP), èske moun k ap ba w sipò yo konn kisa l ye ak kòman pou yo itilize l?



Sèvis Transpò

Ekri enfòmasyon sou transpò ou bezwen. Èske ou gen aksè ak yon transpò prive? Èske ou itilize transpò piblik oswa machin ki aksesib?

KONPAYI TRANSPÒ

NIMEWO TELEFÒN

Èske ou gen kat ki montre lòt wout nan ka kote wout prensipal yo fèmen, oswa si ou pa kapab gen aksè ak metòd abityèl ou a oswa transpòtasyon piblik?

Aprè ou fin konplete zouti sa a, mete li nan yon valiz pou dokiman dlo pa ka rantre epi kenbe l nan twous founiti ijans ou a avèk kopi lòt dokiman enpòtan tankou enfòmasyon medikal, kopi nimewo idantifikasyon w, ak enfòmasyon finansyè.

Pou plis gid ak resous, vizite sit entènèt
(mass.gov/BePrepared) oswa pwente
kamera esmatfòn ou a sou kòd sa a:



DEPATMAN SANTE PIBLIK MASSACHUSETTS (MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF PUBLIC HEALTH)

